

Out 2025

Chè Paran/Gadyen ak Elèv yo,

Nou menm, tout estaf, nan Lekòl **Sonia Sotomayor School No. 25**, nou onore epi nou kontan anpil pou akeyi tout elèv ak manm fanmi nou yo nan ane lekòl 2025-2026 **k ap kòmanse Jedi 4 Septanm!** Nou pwomès ke chak timoun ap jwenn yon anviwonman ki pral ede yo devlope kapasite kreyativ epi reyalize ekselans. Nou kwè chak elèv ki nan anviwonman ki gen sekirite, ki solid, ak bon akèy kapab aprann nan yon nivo ki pral éde yo ranfòse potansyèl edikasyonèl yo.

Tanpri pran tan pou vizite sit entènèt distri nou an, ak lyen **Retounen Lekòl** la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374> pou plis enfòmasyon sou retounen lekòl la. Nan paj ki pi ba a, w ap jwenn anpil enfòmasyon ki deja sou sit entènèt distri a pou ou kapab gade epi revize kounye a:

**PREMYE JOU LEKÒL / PWOSEDI POU RANTRE AK RANVWAYE LEKÒL**

**Ane lekòl 2025-2026 la ap kòmanse Jedi 4 Septanm, 2025.** Ansèyman ap kòmanse a 8:20 am jiska 3:00 pm. Pou ede fasilite yon tranzisyon ki fèt san pwoblèm epi ki byen òganize pandan lekòl ap rantre ou byen ap ranvwaye elèv yo, tanpri respekte pwosedi sekirite sa yo:

Ou ka jwenn enfòmasyon klas pitit ou a sou anvlòp sa a. Lekòl la ap kòmanse a 7:50 am. Nou mande tout elèv prezante yo lekòl anvan 8:20 am epi pou yo antre nan pòt yo te ba yo. Enfòmasyon pòt la anba a:

| Klas  | Kote yo Arive   |
|---|---|
| <b>Klas K* - 4</b>  | <b>Antre prensipal sou First Avenue</b><br>Elèv yo ap rete nan jimnazyòm nan jiska klas prensipal la kòmanse epi yo ap pran dejene nan salklas yo apre pwofesè a fin vin chèche yo. |
| <b>Klas 5 - 8</b>   | <b>Pòt kafeterya (Zòn rekreyasyon)</b><br>Elèv yo ap rete nan kafeterya jiska klas prensipal la kòmanse. Y ap sèvi dejene nan kafeterya a 7:50 AM pou 8:10 AM.                      |
| * Sèlman paran elèv jadendanfan ki nan (klas K-012, K-013, K-102, ak K-103) ki gen opsyon pou depoze pitit yo nan pòt salklas la a 8:20 am. Si w depoze elèv yo anvan 8:20 am, fò elèv yo antre nan bilding prensipal la. |   |

**Sonia Sotomayor School No. 25**

Olga Hugelmeyer, Ed.D.  
Sipèentandan Lekòl yo



Christina Francisco  
Direktè Lekòl la

Vera Matos-Pereira  
Vis Direktè

**Yo pral make nenpòt elèv ki rive apre 8:20 am an reta epi yo dwe antre nan pòt prensipal sou First Avenue.**

**Pwosedi pou ranvwaye** Paran/gadyen legal yo oblije vin chèche elèv yo nan koté ki deziyen pou yo a. Nou pa dwe kite okenn elèv ranvwaye anvan 3:00 pm. Frè ak sè yo ap oblije vin chèche ti frè/sè yo nan koté ki deziyen pou yo a.

| Klas / Sal                         | Kote pou ranvwaye                                     |
|------------------------------------|---|
| Kinder. HRs and Sal 1-101          | Pòt Eksteryè Sal Klas yo                              |
| Sal 1-010 and 1-011                | Pòt bò First Avenue (Exit 2)                          |
| Sal 2-004, 2-005, 2-006, and 2-007 | Pòt Biwo Prensipal (Zòn Lakou Rekreyasyon) – (Exit 3) |
| Sal 1-008, 3-001, 3-003, and 3-009 | Antre prensipal sou First Avenue (Exit 1)             |
| Klas 4 - 5                         | Pòt Kafeterya (Zòn Lakou Rekreyasyon (Exit 5)         |
| Klas 6 - 8                         | Ranvwaye sou Elizabeth Avenue                         |

Ap gen anplwaye deyò pou ede tout moun pandan premye semèn lekòl la.

**Etikèt:** Pou ede nou idantifye tout elèv nan premye jou lekòl la, nou mete yon etikèt nan anvlòp sa a. Nou mande w pou w ekri prenon ak non pitit ou a sou etikèt la. Fò tout elèv mete etikèt la sou yo nan premye jou lekòl la. Epitou, sonje mete etikèt sou tout bagay pitit ou a, tankou chanday inifòm yo.

**Nòt:** Lekòl nou pa pèmèt manje ki gen pistach ladan. Sa vle di pa gen moun ki ka antre a pwodi ou manje ki gen pistach. Nou pa pèmèt soda, bwason enèjik, ak boutèy an vè nan lekòl la.

**Telefòn Selilè:** Telefòn selilè yo dwe rete etenn epi nan sakado elèv la. Si yo jwenn élèv itilize telefòn selilè, y ap pran yo epi y ap voye yo nan biwo a epi y ap avèti yon paran/gadyen legal. Anplis de sa, elèv yo p ap gen dwa mete okenn aparèy Bluetooth pandan jounen lekòl la. Aparèy Bluetooth yo dwe rete nan sakado yo oswa y ap pran yo epi y ap voye yo nan biwo a pou yon paran vin chèche yo.

### **KALANDRIYE LEKÒL EPS**

Nou mande pou ou gide epi sipòte edikasyon pitit ou nan fason w ap asire ke li ale lekòl chak jou, li rive alè, epi li pare pou eksperyans aprantisaj jounen an.

**Sonia Sotomayor School No. 25**

Olga Hugelmeyer, Ed.D.  
Sipèentandan Lekòl yo



Christina Francisco  
Direktè Lekòl la

Vera Matos-Pereira  
Vis Direktè

Pou revize Kalandriye Lekòl EPS la pou ane lekòl 2025-2026 la, tanpri vizite lyen sa: [School Calendar for 2025-2026 School Year.pdf](#)

### **ENSTRIKSYON SOU PÒTAL POWERSCHOOL POU PARAN**

PowerSchool se yon sistèm jesyon elektwonik Lekòl Piblik Elizabeth itilize pou kolekte, estoke, epi kenbe enfòmasyon ak dosye enpòtan elèv yo. Aplikasyon sa bay paran aksè nan enfòmasyon ki gen rapò ak orè elèv la, prezans elèv la, nòt elèv la, ak pwogrè akademik. Li ofri tou fason pratik pou paran ak pwofesè kominike. Se poutèt sa, tout moun rete konekte. Orè pou ane lekòl 2025-2026 ap disponib pou ou wè sou PowerSchool **Lendi 18, Out**.

### ANSYEN AK NOUVO PARAN EPS

Paran nouvo elèv yo dwe mande yon nouvo kont pou yo kapab antre tout enfòmasyon ki nesè pou navige Pòtal Paran PowerSchool la. Ansyen paran yo, ap bezwen konekte, antre, epi ajou nenpòt chanjman pou pitit yo.

Pou jwenn enstriksyon sou fason pou navige Pòtal Paran PowerSchool la, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan [Student and Parent Sign In \(powerschool.com\)](#).

Si ou gen difikilte teknik pandan w ap cheche jwenn aksè enfòmasyon nan PowerSchool pitit ou, tanpri kontakte lekòl pitit ou oswa vizite sit entènèt EPS la nan [Student Support Services / Student Registration \(PreK-12\) \(epsnj.org\)](#). Lè w rive nan paj la, tanpri klike sou tab **“PowerSchool Parent Portal Help”**. Tanpri desann epi klike sou lekòl pitit ou a ye kounye a. Apre sa, y ap dirije w pou w ranpli yon fòm kontak sou entènèt. Apre w fin klike sou bouton **Save** ak **Done** ki anba a, yo pral soumèt demann ou epi yon moun nan lekòl la ap kontakte w byen vit.

---

### **ENSTRIKSYON SOU PÒTAL POWERSCHOOL POU ELÈV**

Pou jwenn enstriksyon sou fason pou navige nan Pòtal Elèv PowerSchool la, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan [Student and Parent Sign In \(powerschool.com\)](#).

### **Sonia Sotomayor School No. 25**

---

525 First Avenue, Elizabeth, New Jersey 07206 • Ph: 908.436.5930 • Fax: 908.436.5921  
Email: silveich@elizabeth.k12.nj.us • Website: www.epsnj.org

### **RÈGLEMAN POU INIFÒM**

Objektif kòd abiman EPS la se pou pwomouvwa yon imaj pozitif ak pou amelyore fyète lekòl pami elèv nou yo. Sante, sekirite, ak byennèt nan ledikasyon se objektif prensipal kòd abiman ansanm ak ankouraje yon anviwònman ki fasilite disiplin ansanm ak ledikasyon. Elèv yo dwe mete inifòm lekòl la chak jou.

W ap jwenn règleman sou inifòm lekòl pitit ou sou sit entènèt <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade seksyon “*Uniform and Dress Code Policies*” epi swiv enstriksyon yo bay la.

Paran, n ap mande koperasyon ak sipò ou konsènan respè pitit ou dwe genyen pou règleman inifòm nan. Elèv ki pa respekte règleman inifòm lekòl la p ap gen dwa antre nan bilding lekòl lan **Jedi 4 Septanm** oubyen nenpòt jou lekòl apre sa. Tanpri pa ezite kontakte biwo Direktè lekòl la si ou ta gen nenpòt kesyon konsènan règleman inifòm nan.

---

### **APAREY ELEKTRONIK**

*Pou kèk ane, lekòl nou an te fonksyone kòm yon lekòl teknoloji 1:1; Kòm rezilta, tout elèv yo pral kontinye itilize yon òdinatè pòtab pou ansèyman chak jou nan klas yo. Elèv yo ta dwe fè tout efò posib pou pran swen òdinatè pòtab yo pandan ane lekòl la, paske sa se yon privilèj espesyal. Enplemantasyon teknoloji 1:1 nou an ap kontinye asire elèv nou yo rive nan nivo konpetitif ki nesèsè pou ankouraje preparasyon pou kolèj ak karyè. Tout elèv dwe vini lekòl chak jou, ak òdinatè pòtab ki chaje, ansanm avèk kòd ki pou chaje òdinatè pòtab la.*

### **NOUVO ELÈV**

Tout nouvo elèv nan distri a ap resevwa laptop nan premye semèn lekòl la.

---

### **RETE KONEKTE**

#### **Resevwa Rapèl/Mizajou Lekòl la pa Mesaj Tèks!**

Enskri pou resevwa mesaj ki soti nan lekòl pitit ou ak nan Lekòl Piblik Elizabeth  
**Sonia Sotomayor School No. 25**

## ENSTRIKSYON POU NOUVO AK ANSYEN PARAN

Li trèzenpòtan pou nou gen adrès kay ak/oswa nimewo telefòn ki pi ajou pou nou ka kontakte ou nan ka yon ijans oswa pou diskite pwogrè pitit ou. Tanpri, asire ou mete ajou enfòmasyon, kontak ou lè ou konekte sou Portal Paran PowerSchool la; epi ranpli fòm Enfòmasyon Ijans ki anba lyen Fòm yo pandan tout ane lekòl la si ta gen yon chanjman nan adrès lakay ou /oswa nimewo telefòn ou. Nou espere kominikasyon ouvè ant kay la ak lekòl la paske sa enpòtan pou siksè akademik elev yo nan lekòl la.

Sistèm Notifikasyon nou an pèmèt manm pèsònèl la kontakte paran yo pa imèl, tèks, ak mesaj vèbal ki anrejistre nan telefòn. Atravè sistèm sa a, paran yo resevwa enfòmasyon ijan imedyatman sou gwo evènman, oswa dat k ap vini yo. Pou asire sistèm sa a ap kontinye fonksyone nan yon fason trè efikas, li trè enpòtan pou nou gen **enfòmasyon ki ajou nan dosye pou chak elèv.**

Pou jwenn enfòmasyon sou kijan pou kenbe enfòmasyon kontak ou yo ajou, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade seksyon "***Rete Konekte***" a "***Stay Connected***" epi swiv enstriksyon yo bay sou kijan pou mete enfòmasyon ou yo ajou sou PowerSchool.

Anplis de sa, tanpri konsidere ofri sèvis ou kòm volontè pou sipòte Òganizasyon Paran/Pwofesè (PTO) nan lekòl pitit ou a. PTO bay anpil opòtinite pou fanmi ki nan kominote lekòl la patisipe epi *rete konekte*. Tanpri asire ou enskri paske ou pral gen yon konpreyansyon de tout resous ki disponib pou pitit ou a isit la nan Lekòl Piblik Elizabeth yo.

---

### **ENFÒMASYON DISTRI A POU LEKÒL LA**

Tanpri, asire ou revize epi ranpli anvan premye jou lekòl tout dokiman obligatwa ki nan lis anba a. Anplis, mete ajou tout enfòmasyon pèsònèl ou regilyèman.

- Fòm Enfòmasyon Ijans
- Avi Konsènan egzamen fizikal
- Fòm pou Medya
- Fòm Pèmisyon Entènèt ak Rezo Elèv yo ak Règleman Itilizasyon Entènèt

### **Sonia Sotomayor School No. 25**

- Itilizasyon Akseptab Pou Teknoloji – Fòm Elektwonik pou Aparèy Mobil
- Fon Koneksyon pou Ijans (ECF)
- Aplikasyon pou Manje nan Lekol

Pou jwenn aksè a dokiman ki nesèsè yo ki endike anwo a, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade seksyon "*Fòm ak Aplikasyon pou Pitit Ou a*" epi swiv enstriksyon yo.

---

#### **RÈGLEMAN SOU VAKSEN**

Leta New Jersey rekòmande pou tout timoun ki fèt apre 1ye Janvyè 1997, ki nan klas 6, **ap oblije resevwa boustè dòz “diphtheria(Diferi), tetanus (tetanòs) ak pertussis (koklich) (Tdap)” ansanm ak dòz “meningococcal (menegokoksik) vaccine.”** Pote bay enfimyè lekòl la tout dokiman, vaksinasyon ki pwouve pitit ou ka antre nan klas 6, nan dat ***Jedi, 4 Septanm, 2025.***

Elèv k ap antre nan Klas 6zyèm ane, ki fèt nan dat oubyen apre ***Jedi 4 Septanm, 2025*** dwe pote lèt ekri ki soti nan men doktè, pou pwouve elèv la gen randevou pou al pran vaksen yo. Randevou a dwe ekri 2 semèn anvan pitit ou genyen 11 zan. Paran dwe soumèt dokiman vaksinasyon an rapidman apre randevou a. Lalwa oblije Distri Lekòl Piblik Elizabeth pou asire ke tout elèv yo resevwa vaksen obligatwa yo.

**Timoun ki pa satisfè egzijans vaksen oswa ki pa gen dokiman pou yon randevou vaksen nan 2 semèn apre yo fin gen 11 zan pap kapab rete lekòl la. Lekòl la ap voye yo tounen lakay yo kòmanse premye jou lekòl la.**

---

#### **TRANSPÒTASYON**

Men elèv ki kalifye pou jwenn transpòtasyon:

- Elèv elemantè ki abite plis pase 2.0 mil de lekòl yo
- Elèv lekòl segondè ki abite plis pase 2.5 mil de lekòl yo
- Elèv ki gen IEP ki gen sèvis transpò

#### **Sonia Sotomayor School No. 25**

Olga Hugelmeyer, Ed.D.  
Sipèentandan Lekòl yo



Christina Francisco  
Direktè Lekòl la

Vera Matos-Pereira  
Vis Direktè

---

### **FOUNITI LEKÒL**

Nan premye jou lekòl la, tanpri voye pitit ou a ak founiti lekòl li yo.

Vizite sitentènèt lekòl nou an <https://www.epsnj.org/school25> pou jwenn lis founiti lekòl nou an.

---

### **SWARE RETOU LEKÒL**

Nou kontan kòmanse yon nouvo ane lekòl epi nou envite paran ak gadyen legal yo pou yo patisipe nan Sware De Retou Lekòl nou an 11 Septanm 2025, a 6:00 PM nan Lekòl Sonia Sotomayor No 25 – 525 First Avenue, Elizabeth, New Jersey 07206.

---

Nou espere nou tout pral kontinye jwi rèss Ete a. Ann kontinye ak misyon nou pataje ansanm pou nou reyafime ekite, retabli atant, epi reprann ekselans! Nou espere kòmanse yon lòt vwayaj ansanm ***Jedi 4 Septanm.***

Sensèman,

Christina Francisco  
Direktè

---

### **Sonia Sotomayor School No. 25**

525 First Avenue, Elizabeth, New Jersey 07206 • Ph: 908.436.5930 • Fax: 908.436.5921  
Email: [silveich@elizabeth.k12.nj.us](mailto:silveich@elizabeth.k12.nj.us) • Website: [www.epsnj.org](http://www.epsnj.org)